

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Karya sastra nyaéta hasil pamikiran manusa nu eusina mangrupa gagasan atawa ide nu dikedalkeun ngaliwatan medium basa tuluy gumulung jadi tulisan. Karya sastra téh miboga fungsi pikeun hiburan. Lian ti éta, nurutkeun (Sukirman, 2021 kc. 20) karya sastra ogé miboga opat fungsi séjén, di antarana nyaéta fungsi rékréatif (sarana hiburan), fungsi didaktis (media atikan), fungsi éstétis (ajén kaéndahan), fungsi moralitas, jeung fungsi réligius (sipatna spiritual). Ku kituna, novél nu hadé kudu bisa méré mangpaat ka pamacana, nyaéta kudu nyumponan kana fungsi karya sastra. Dina ieu hal, karya sastra bisa jadi média pikeun nepikeun pesen atawa amanat nu dibawa ku pangarang ngaliwatan karyana sangkan bisa dibaca, dilenyepan jeung dilarapkeun ku pamaca.

Mangpaat karya sastra pohara lobana pikeun kahirupan, sabab karya sastra bisa dijadikeun wadah pikeun méré pesen ka pamaca, sanajan dina wangun nu fiksi. Dina karya sastra bisa nyamuni ajén-inajén positif nu mangrupa maksud atawa amanat nu rék ditepikeun ku pangarang, ku kituna pamaca henteu ngan ukur kahibur wungkul tapi ogé bisa nyangking ajén-inajén tina nu dibacana. Ku kituna, panalungtikan pikeun nyangking ajén-inajén dina karya sastra kawilang penting, ieu mangrupa salasihiji tarékah pikeun nafsirkeun karya sastra sangkan ngeuyeuban kaweruh pamacana.

Ditilik tina wangunna, karya sastra kabagi deui jadi sababaraha wangun, di antarana nyaéta prosa, wangun puisi jeung drama. Dumasar warna karanganana, nurutkeun Iskandarwassid (2003, kc. 139) prosa téh ngawengku dongéng, skétsa, carita pondok, roman jeung novél. Karya sastra dina wangun prosa atawa lancaran salasihijina nyaéta novél. Nurutkeun Isnendes (2010b, kc. 39) novél mangrupa prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompleks). Ku kituna novél bisa midangkeun rupa-rupa palaku, kajadian, laluasa ngagambarkeun latar, jeung ngahirupkeun karakteristik palaku.

Anapon objék nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta karya sastra dina wangun prosa, nyaéta novél. Novél nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Ieu novél téh kungsi dilélér hadiah Samsudi dina taun 2021. Lian ti éta, ieu karya sastra dipilih pikeun ditalungtik sabab miboga ajén atikan nu hadé pikeun bacaeun barudak. Éta hal luyu jeung pamadegan Koswara (2020, kc. 149) sastra pikeun budak téh miboga fungsi nu penting sarta mangaruhan kana pamacana, sabab dina sastra anak ilaharna ngandung ajén-inajén atikan nu miboga pangaruh pikeun kamekaran budak.

Nurutkeun Haerudin spk. (2019, kc. 341) buku bisa dijadikeun média pikeun nepikeun ajén-inajén nu hadé. Sabab dina buku bisa ngandung eunteung tina budaya masarakat nu bisa dilarapkeun ku pamaca waktu hirup kumbuh di masarakat. Novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati mangrupa novél barudak nu euyeub ku ajén atikan. Ku kituna, ieu novél téh bakal cocog saupama dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Sabab pamaréntah geus ngatur dina PP Nomer 4 taun 2022 ngeunaan Sistem Nasional Pendidikan Pasal 6 nu eusina ngeunaan Standar kompetensi lulusan dina Satuan Pendidikan jenjang Pendidikan Dasar, Menengah jeung Tinggi yén peserta didik téh kudu diwuwuhan ku karakter nu luyu jeung ajén-inajén Pancasila sarta peserta didik téh disiapkeun waktu lulus ti sakola kudu jadi anggota masarakat nu iman jeung takwa ka Gusti sarta miboga akhlak mulia (Pemerintah Republik Indonesia, 2022, kc. 3-4).

Ajén-inajén dina karya sastra bisa dipaluruh ngagunakeun 18 ajén atikan karakter nu diragum ku Pusat Kurikulum Kemendiknas, nu sumberna tina agama, Pancasila, budaya, jeung atikan nasional. Lian ti éta, gelarna karya sastra moal leupas tina unsur-unsur pangwangunna, ku kituna ieu panalungtikan ogé dibarung ku pamarekan strukturalisme pikeun mesék struktur carita nu aya dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Pikeun maluruh struktur caritana digunakeun tiori struktural ti Robert Stanton. Nurutkeun Stanton (2012, kc.20) unsur pangwangun karya sastra kabagi jadi tilu bagian, nyaéta téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar), jeung sarana carita (judul, puseur implengan, gaya basa).

Karya sastra bisa dicangking ngaliwatan kagiatan maca, dina pangajaran basa aya nu disebut kaparigelan basa, salasahijina nyaéta kaparigelan maca. Maca jeung

nulis mangrupa indungna literasi (Rahman spk., 2018, kc.1). Sabab, kaparigelan maca mangrupa salasihiji kamampuh dasar nu ngarojong kana kaparigelan séjén. Éta hal téh luyu jeung pamadegan nu diungkabkeun ku Haerudin spk. (2013, kc. 1) nyaéta kaparigelan basa Sunda téh diwangun ku opat aspék, di antarana ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis, éta kaparigelan téh mangrupa kamahéran nu silih pakait. Patali jeung prosés pangajaran di sakola, tétéla pangajaran maca novél téh aya di SMP kelas 9 seméster 1 kalayan Kompetensi Dasar 3.3 sarta 4.3. Anapon KD 3.3 nyaéta ngaidéntifikasi unsur intrinsik dina ringkesan novél rumaja ku cara merhatikeun fungsi sosial, struktur téks jeung unsur kabasaan nu luyu kana kontéksna. Sedengkeun KD 4.3 eusina pikeun ngadéskripsikeun eusi ringkesan novél rumaja, ku cara merhatikeun fungsi sosial, struktur téks, sarta unsur kabasaan nu bener tur luyu kana kontéksna.

Saméméhna geus aya sababaraha karya ilmiah nu ngaguar ngeunaan ajén atikan karakter, di antarana waé nyaéta (1) “Ajén Atikan Karakter dina Novélét Barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati (Ulukan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” ku Meli Nurul Maliah 2020, (2) “Ajén Atikan Karakter dina Kumpulan Carita Pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak* (Ulukan Struktural)” ku Siti Amellia Riyadi dina taun 2021, (3) Panalungtikan nu maké médium basa Indonesia nyaéta “Pendidikan Karakter dalam Novél *Mahamimpi* Anak Negeri Karya Suyatna Pamungkas Tinjauan Psikologi Sastra” ku Abdulfatah spk. Taun 2018, (4) Disertasi ti Rétty Isnéndés “Struktur dan Fungsi Upacara Ngalaksa di Kecamatan Rancakalong Kabupaten Sumedang dalam Perspektif Pendidikan Karakter” taun 2013, (5) Jurnal panalungtikan dina médium basa Inggris nyaéta “The Values of Character Education in Children’s Novél *Guha Karang Legok Pari*” ku Dedi Koswara jeung Retty Isnendes saparakanca dina taun 2020.

Katitén tina pedaran di luhur panalungtikan saméméhna ngeunaan ajén atikan karakter geus remen dilaksanakeun, tapi nu ngaguar ajén atikan karakter kalayan objékna novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati can kungsi aya nu nalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan téh perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti kieu.

- 1) Kumaha struktur carita nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati?
- 2) Ajén atikan karakter naon waé nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati?
- 3) Kumaha larapna novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur carita nu aya dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati, sarta pikeun manggihan tur ngadéskripsikeun ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal nyaéta:

- 1) Struktur carita nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati.
- 2) Ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati.
- 3) Larapna novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMP

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun ngajembaran élmu kasusastraan, hususna ngeunaan ajén atikan karakter jeung struktur carita nu nyangkaruk dina novél. Lian ti éta ogé pikeun mikanyaho ajén atikan karakter jeung

struktur carita nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Lian ti éta, hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun nu rék nalungtik dina widang sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana:

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa nambahan pangalaman jeung pangaweruh sarta bisa méré informasi ngeunaan ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir*.
- 2) Pikeun guru, hasil dina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun bahan pangajaran maca novél di sakola.
- 3) Pikeun peserta didik, bisa nambahan élmu pangaweruh dina ngajénan karya sastra.
- 4) Pikeun masarakat, bisa mikanyaho ajén atikan karakter nu nyampak dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, eusina mangrupa kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Bab II Ulikan Tiori, eusina mangrupa tiori-tiori nu aya dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan struktur carita, novél, ajén atikan karakter, bahan pangajaran maca, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir. Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik ngolah data. Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina mangrupa pedaran sagemblengna hasil tina panalungtikan nu dilaksanakeun. Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan. Lian ti éta, ogé aya saran pikeun pamaca sangkan panalungtikan ka hareupna leuwih hadé.